



Nouvo Laj pou Antre nan Kindègadenn NAN CONNECTICUT



Connecticut Office
of Early Childhood

Enfòmasyon Pou Fanmi yo — Fevriye 2024

★ Laj pou Antre nan Kindègadenn ★ nan Ap Chanje nan Connecticut

**Apati ane lekòl 2024-2025 lan, fòk timoun yo genyen 5 lane
1ye septanm 2024 oswa anvan dat sa a, pou yo antre nan kindègadenn.***

- ★ **Sa k ap pase si pitit mwen an genyen 5 lane apre 1ye septanm 2024?**
Si pitit ou a genyen 5 lane apre 1ye septanm 2024, li ap antre nan kindègadenn nan otòn ane 2025.
- ★ **Sa k ap pase si pitit mwen an genyen 5 lane apre 1ye septanm 2025?**
Si pitit ou a genyen 5 lane apre 1ye septanm 2025, li ap antre nan kindègadenn nan otòn ane 2026. Zafè chanjman laj la pèmanan pou timoun ki ap genyen 5 lane yo 1ye septanm chak ane pou yo antre nan kindègadenn oswa anvan 1ye septanm chak ane.
- ★ **Èske genyen eksepsyon pou timoun ki pa respekte nouvo dat limit pou yo antre nan kindègadenn nan?**
Wi. Si pitit ou a pa genyen 5 lane anvan 1ye septanm 2024, epi ou vle li antre nan kindègadenn bonè, fòk ou mande fè yon eksepsyon pou ou.
- ★ **Kijan pou mwen mande pou pitit mwen an antre bonè nan kindègadenn?**
 - ★ **Toudabò, paran yo (oswa responsab legal yo) ta dwe kontakte direktè lekòl primè pitit yo a pral frekante a pou yo konnen fason pou yo mande pou li antre bonè nan kindègadenn.**
Chak distri lekòl ap genyen pwòp pwosesis pa li pou suiv. Ou ap jwenn enfòmasyon pou pran kontak tout direktè lekòl Connecticut yo sou [sitwèb Jwenn Kontak la](#).
 - ★ **Fòk lekòl la fè yon evalyasyon.**
Apre lekòl la fin resevwa yon demann pou fè yon eksepsyon nan men yon paran (oswa responsab legal), li dwe evalye pitit ou a pou li detèmine si antre bonè nan kindègadenn nan apwopriye pou devlopman pitit ou a. Enfòmasyon ak obsèvasyon paran yo ka fè pati evalyasyon sa a. Pale avèk direktè lekòl la sou devlopman pitit ou a pou w konnen si klas kindègadenn nan apwopriye pou li.

* **Konsènan nouvo lwa Eta a:** Nan lane 2023, Lwa Connecticut te chanje laj yon timoun dwe genyen pou li antre nan kindègadenn. [Public Act \(Lwa Piblik\) 23-208, Seksyon 1\(a\)](#) te chanje dat limit pou nesans lan soti nan 1ye janvyè nan yon ane lekòl rive 1ye septanm nan yon ane lekòl.

Pran Desizyon pou Mande Antre nan Kindègadenn Bonè

Lè timoun piti yo ap antre nan kindègadenn, se yon gwo chanjman pou yo menm ak fanmi yo. Nou konnen timoun yo aprann ak grandi nan pwòp rit pa yo epi nan mannyè ki inik.

Lè w ap deside si pou mande pou pitit ou a antre bonè nan kindègadenn, ou gendwa oblije konsidere aprantisaj ak devlopman pitit ou a, anviwònman aprantisaj ki genyen nan kindègadenn nan, ak eksperyans pitit ou a te ka fè si li pa t antre nan kindègadenn. Ou gendwa mande tèt ou si li te pase nan lekòl matènèl oparavan epi ki sa k ap tann li ane k ap vini an.

Resous anba yo ap pèmèt ou reflechi sou chak nan aspè sa yo.

Konprann Aprantisaj ak Devlopman Pitit Ou a

Se fanmi yo ki konnen pitit yo byen, epi yo kapab itilize zouti ak resous yo pou yo konprann devlopman timoun yo. Devlopman timoun se tèm yo itilize pou dekri fason timoun yo grandi ak aprann nan diferan domèn nan lavi yo. Li gen ladan l fason yo pale ak li, fason yo santi yo epi antann yo avèk lòt moun, fason yo eksprime yo atravè atizay ak mizik, fason yo reflechi epi konprann mond lan, fason yo bouje ak itilize kò yo, ak fason yo atake nouvo defi ak pwoblèm yo.

[Yo te elabore The Connecticut Early Learning and Development Standards \(CT ELDS, Nòm Connecticut nan zafè Aprantisaj ak Devlopman Timoun Piti\)](#) pou ede fanmi yo, kominote yo, ak lekòl yo pote kole pou yo kore aprantisaj ak devlopman timoun yo bonè. Yo dekri sa timoun piti ki genyen ant 0 ak 5 lane yo jeneralman konnen epi kapab fè. Estrateji [CT ELDS pou Aprantisaj Lakay](#) genyen ladan yo ide ki amizan epi ki fasil pou fasilite aprantisaj la fèt lakay ak nan kominote a epi yo disponib nan lang Anglè ak Panyòl.

Zouti ak Resous yo

Connecticut bay plizyè resous ki kapab ede fanmi yo reponn kesyon yo poze souvan sou devlopman pitit yo epi pèmèt aprantisaj la fèt lakay. Resous ki anba yo ede fanmi ki gen kesyon oswa enkyetid osijè pitit yo epi yo kapab yon resous itil lè yo ap pale avèk direktèlekòl la pou yo mande pou pitit yo antre bonè nan kindègadenn.

- ★ Pale avèk pwofesyonèl swen sante pitit ou a oswa moun k ap dirije gwoup jwèt li a pou ka konnen ki jan li debwoye li nan aktivite ki fèt an gwoup yo, epi mete pitit ou a an kontak avèk resous ki kapab ede li devlope.
- ★ [Liy enfòmasyon 2-1-1 Child Development](#) ede fanmi yo konprann bezwen timoun yo genyen epi li reponn kesyon sou sante, konpòtman, devlopman, ak aprantisaj timoun atravè plizyè pwogram tankou:
 - ★ [Help Me Grow \(Ede Mwen Grandi\)](#), ki se yon pwogram GRATIS nan tout Eta a ki kòmanse depi nan gwoès. Li mete fanmi yo ak timoun yo an kontak avèk sèvis ak resous kominotè yo. Rele nan 1-800-505-7000 pou jwenn yon kowòdonatè swen.
 - ★ [Kesyonè sou Laj ak Etap \(ASQ-3\)](#) se yon zouti depistaj devlopman Biwo Connecticut pou Timoun Piti ap sipòte. Ou kapab enskri nan pwogram Siveyans Laj ak Etap Connecticut la GRATIS. Kontakte 2-1-1 Child Development, reponn detwa kesyon epi kòmanse suiv devlopman pitit ou a soti nan 2 mwa rive nan laj 5 lane. Ou kapab ranpli l sou papyè, anliy, oswa nan Aplikasyon Sparkler a ki gratis. Epitou, fanmi yo kapab jwenn èd pou yo ranpli kesyonè ASQ-3 a atravè [CT Help Me Grow](#).
 - ★ [Aplikasyon Sparkler a](#) se yon zouti gratis ki bay fanmi yo yon mwayen fasil pou yo jwenn [Kesyonè sou Laj ak Etap](#) la sou yon aplikasyon mobil. Li ede paran yo verifiye pwogrè pitit yo a fè pa rapò ak etap kle yo soti nan 2 mwa rive nan laj 5 lane — epi li pwopoze aktivite ki amizan pou estimile lespri, kò, emosyon, ak konpetans lengwistik pitit ou a. Ale sou sit [Sparkler](#) a pou w konnen fason ou kapab telechaje aplikasyon an pou w kòmanse jodi a.

Timoun ki gen Andikap yo

Timoun ki gen andikap yo gen dwa pou yo suiv menm pwosesis pou antre bonè nan kindègadenn ak tout lòt timoun nòmal yo.

- ★ Ale sou sitwèb sèvis [Edikasyon Peskolè Espesyal ki nan Connecticut State Department of Education \(Depatman Edikasyon Eta Connecticut\)](#) pou w jwenn konsèy sou edikasyon timoun ki gen reta devlopman oswa andikap yo.
- ★ Kontakte [Connecticut Parent Advocacy Center \(CPAC\)](#) anliy oswa nan 1-800-445-2722 pou w jwenn enfòmasyon ak èd avèk pwosesis referans pou edikasyon espesyal la. Tout pèsonèl CPAC a genyen ladan l fanmi elèv ki gen andikap ak konseye paran ki pale de (2) lang tankou Panyòl, Pòtigè, Kreyòl ak Fransè.
- ★ Si pitit ou a poko genyen 3 lane epi ou ap bay tèt ou pwoblèm pou devlopman li, ou kapab ale nan sistèm Connecticut Birth to Three (Nesans jiska Twa Lane) pou fè yon evalyasyon devlopmanal gratis lè w rele nan 1-800-505-7000 oswa lè w ranpli [fòm anliy Birth to Three a](#).
- ★ Si pitit ou a deja enskri nan Birth to Three, epi ou genyen enkyetid, ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou yo selon Pati C nan the Individuals with Disabilities Education Act (IDEA, Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap) ak pwosesis rezolisyon litij la (pou plent yo) nan lyen sa a: <https://www.birth23.org/families/rights/mediation/>.

Konprann Anviwònman Aprantisaj la nan Kindègadenn nan

Timoun piti yo pwofite lè anviwònman aprantisaj la kapab reponn ak bezwen yo epi ede yo grandi. Li enpòtan pou fanmi yo asire yo pitit yo a santi li alèz epi kontan nan lekòl li frekante a. Konsèy ak resous sa yo kapab ede w konnen eksperyans pitit ou a pral fè nan kindègadenn nan. Konsa, ou kapab detèmine nan ki mezi kapasite li kadre avèk anviwònman aprantisaj la.

- ★ [Bwochi Hello Kindergarten \(Bonjour Kindègadenn\) nan! \(Anglè\)](#) ak [\(Panyòl\)](#) genyen ladan l teknik ki itil pou timoun yo pandan yo ap antre nan kindègadenn ak fason ou kapab ede yo aprann lakay.
- ★ Byenke klas kindègadenn yo genyen menm objektif, aktivite aprantisaj yo ak ansèyman an oswa pwogram nan ka diferan nan distri yo. Pale avèk responsab lekòl la sou pwogram kindègadenn li genyen an.
- ★ Gen kèk lekòl nan Connecticut ki kòmanse entegre plis jwèt ki itil ak aprantisaj ki baze sou pwòje nan klas kindègadenn yo. Men kèk egzanp fason lekòl yo fè sa:
 - ★ [Konstui Sèvo pou Demen: Yon Koudèy sou Aprantisaj Nan Jwèt nan Lekòl Matènèl ak Kindègadenn](#)
 - ★ [Yon Soti Edikatif - Lekòl Primè Oswegatchie](#)

Èd avèk Lekòl Matènèl pandan Ane Lekòl 2024-2025 lan

Anpil fanmi ki genyen yon timoun k ap genyen 5 lane ant 2 septanm 2024 ak 1ye janvyè 2025, te prevwa voye li nan kindègadenn anvan yo chanje dat limit lan.

Anba a genyen resous pou fanmi yo ak pitit yo pou ane lekòl 2024-2025 lan.

- ★ Si pitit ou frekante yon lekòl matènèl, pale avèk responsab pwogram nan sou sitiwayon fanmi ou ak fason li ap kontinye sipòte devlopman pitit ou a si pitit ou pa antre nan kindègadenn.
- ★ Si pitit ou a pa t ale nan yon pwogram gadri ak edikasyon pou timoun, reflechi sou fason yon eksperyans nan lekòl matènèl ka ede li anvan li antre nan kindègadenn.
- ★ Ou kapab jwenn enfòmasyon sou gadri lè w pale avèk lòt fanmi yo, lè w fè rechèch sou entènèt, oswa lè w itilize zouti rechèch [2-1-1 Child Care](#) a.
- ★ Si w bezwen èd pou peye frè yon pwogram preskolè, ou kapab chèche sipò ki posib yo, tankou [Care 4 Kids \(Swen pou Timoun\)](#), pwogram preskolè Eta a finanse, pwogram preskolè nan lekòl piblik yo, oswa Head Start (Avans). Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram bon mache ki posib yo ak èd lajan Care 4 Kids, kontakte [2-1-1 Child Care](#).